

OTORIZASYON POU SÈVIS KI EDE AVÈK BEZWEN ESPESYAL

Kesyon ak repons

Kisa Otorizasyon pou sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services Authorization, RSA) ye?

Nou rekòmande pitit ou a pou sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (*Related Service*) ki nan fòm ki vini avèk nòt sa a. Lè w resevwa fòm sa a, sa vle di Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools NYCPS) pa gen estaf disponib kounye a pou bay sèvis sa a pou moman an. RSA a pèmèt ou jwenn sèvis sa a nan men yon founisè endepandan w ap chwazi san sa pa koute w anyen.

Kòman mwen ka jwenn yon founisè endepandan?

Pou ede w jwenn yon founisè, nou mete yon lis **Founisè endepandan ki bay Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services) pou timoun ki gen laj pou ale lekòl** nan vil la, oswa ou ka ale nan sitwèb piblik NYCPS la nan:

<https://www.schools.nyc.gov/learning/special-education/supports-and-services/related-services/finding-an-independent-provider>

Ou ka itilize nenpòt founisè ki sou lis sa a oswa ou ka chèche pwòp founisè pa w. Tanpri sonje:

- NYCPS dwe otorize founisè a:
- Founisè a dwe gen yon lisans oswa sètifika pèmanan Depatman edikasyon Eta Nouyòk bay, epi li dwe anrejistre pou moman an pou li ka bay Related Services yo rekòmande a.
- Founisè a dwe satisfè kondisyon konpetans bileng, kote sa aplikab.

Ki akreditasyon ou bezwen pou vin yon founisè endepandan nan divès domèn disiplin?

- **Counseling:** se yon sikològ, yon travayè sosyal, oswa yon konseye sante mantal ki gen lisans Eta Nouyòk ki dwe bay li. Se sèlman yon moun ki ranpli tout kondisyon nou site avan yo, epi ki gen tou konpetans bileng apwopriye sèlman ki ka bay konsèy (counseling) bileng.
- **Terapi okipasyonèl:** se yon terapi okipasyonèl ki gen lisans Eta Nouyòk ki dwe bay li.
- **Terapi fizik:** se yon terapi fizik ki gen lisans Eta Nouyòk ki dwe bay li.
- **Terapi pou pwononsyasyon-langaj:** se yon patolojis pou pwononsyasyon/langaj, ki se tou yon pwofesè ki gen lisans pou andikap pwononsyasyon/langaj oswa yon pwofesè pou andikap langaj ak tandè ki gen lisans Eta Nouyòk ki dwe bay li. Se sèlman yon moun ki ranpli kondisyon nou site avan yo, epi ki ranpli tou kondisyon pou konpetans terapi bileng apwopriye sèlman ki ka bay terapi pwononsyasyon bileng.
- **Edikasyon pou vizyon:** se yon pwofesè pou moun avèk ak moun ki pa wè byen ki gen lisans Eta Nouyòk oswa yon Espesyalis oryantasyon/Mobilite ki dwe bay li. Se sèlman yon moun ki ranpli tout kondisyon nou site avan yo, epi ki gen tou konpetans bileng apwopriye sèlman ki ka bay konsèy Sèvis Edikasyon vizyon bileng pou elèv bileng ki gen pwoblèm pou wè.
- **Sèvis edikasyon pou elèv ki gen pwoblèm pou tandè:** se yon pwofesè Eta Nouyòk pou moun soud ak ki gen pwoblèm pou tandè, yon pwofesè pou moun soud ak ki pa tandè byen oswa yon entèprèt langaj ak siy ki fòmè yon fason apwopriye, ki gen lisans ki dwe bay li. Se sèlman yon moun ki ranpli tout kondisyon nou site avan yo, epi ki gen tou konpetans bileng apwopriye sèlman ki ka bay Sèvis edikasyon bileng pou elèv bileng ki gen pwoblèm pou tandè.

- **Sèvis sante yon enfimyè lisansye (RN):** se yon enfimyè ki gen lisans oswa sètifika Eta Nouyòk bay sèlman ki gen sètifika nan reanimasyon kadyopilmonè (Cardio-Pulmonary Resuscitation, CPR) ansanm avèk tou nan defibrilasyon ekstèn otomatize (Automated External Defibrillation, CPR/AED) ki dwe bay .
- **Sèvis sante yon oksilyè sante/parapwofesyonèl bay:** se yon asistan sante ki gen fòmasyon, lisans oswa sètifika apwopriye ki dwe bay.

Tanpri sonje:

- Nenpòt moun ki se yon anplwaye aktyèl NYCPS (sofsi yo te apwouve l pou li sou lis terapès NYCPS vil la) oswa nenpòt lòt ajans vil la pa ka bay sèvis dapre akò sa a, eksepte nan kèk sikonstans ra lè New York City Conflicts of Interest Board fè yon eksepsyon dapre yon demand ki soti nan depatman an.
- Ajans pa ka anplwaye moun k ap travay nan NYCPS, ladan moun ki sou lis vil la genyen pou terapès NYCPS, kòm founisè sèvis.
- Nenpòt moun ki pa anplwaye NYCPS ankò pa ka bay sèvis dapre akò sa a (kòm yon founisè endividyèl swa kòm yon anplwaye/kontraktè avèk yon ajans) pou yon ane konplè apre li fin kite depatman an.
 - Si yon moun te fè travay ki gen yon nivo "F" epi demisyone, yo konsidere moun lan te yon anplwaye Depatman an epi li dwe tann yon ane konplè apre li te fin fè travay nivo "F" la avan pou li bay sèvis dapre akò sa a.
 - Si moun lan fè travay estati "F" epi li retirete, moun lan ka aplike pou vin yon founisè endepandan imedyatman apre li retirete.

W ap jwenn restriksyon sa yo nan chapit 68 kontra Vil Nouyòk (New York City Charter).

- Founisè a pa dwe evalyatè ki te kolekte enfòmasyon yo .

Ki responsablite yon founisè endepandan?

Yon founisè endepandan dwe dakò avèk bagay sa yo:

- Sèvi elèv la kantite fwa, dire ak nan lang yo presize a pou ane lekòl aktyèl la dapre IEP a. Kantite moun nan gwoup la pa ka depase kantite yo mete nan IEP chak elèv.
- Fè konnen dat sèvis la ap kòmanse lè li rantre l nan sistèm SESIS la.
- Kenbe remake sou pwogrè ki fèt chak semèn, bay yon Rapò sou pwogrè elèv si yo mande l, patisipe nan reyinyon IEP epi ranpli paj apwopriye IEP a, san NYCPS pa peye pou sa.
- Ofri sèvis yo dapre kalandriye lekòl NYCPS pou lekòl leta ak kalandriye lekòl prive/religye/charter pou lekòl ki pa lekòl leta yo.
- Ofri sesyon ratrapaj sèlman pandan menm semèn lan. Yo pa ka fè sesyon ratrapaj yo menm jou ak sesyon regilye yo.
- Pa aksepte plis pase to yo otorize kòm peman an okonplè pou sèvis sa yo. Tarif ou chaje a pa ka pi wo pase pi piti tarif ou chaje nòmalman an. To sa a se pou sèvis dirèk sèlman epi se li ki to a kèlkeswa kantite moun nan gwoup w ap bay sèvis la eksepte nan ka sèvis terapi pou diksyon/langaj ki depann sou kantite elèv w ap sèvi nan yon sesyon jan yo mete sa nan orè to a. Kantite moun nan gwoup la pa ka depase kantite ki yo mete nan IEP chak elèv. Founisè pa pral mande paran/responsab peye pou sèvis yo bay yo.
- Voye fakti yo dirèkteman ba NYCPS nan fòm yo egzije a san paran/responsab la pa fè okenn depans ki soti nan pòch li.
- Posede pwòp asirans pou erè pwofesyonèl/responsablite li.
- Kenbe dosye prezans chak jou epi patisipe nan koleksyon done/enfòmasyon Depatman sèvis sosyal eta Nouyòk oswa lòt ajans mande san NYCPS pa peye anyen anplis.
- Li entèdi pou founisè yo bay estaf NYCPS kado.

Ki to maksimòm ki genyen pou founisè endepandan?

TIP SÈVIS KI EDE AVÈK BEZWEN ESPEYAL	LANG	REGWOUPMAN	To ki efektif apati 1ye septanm 2025 *	DIRE SESYON
Counseling - sikològ ki gen lisans	Monoleng/bileng	Endividyèl ak tout dimansyon gwoup	\$54	30 minit
Counseling- Konseye pou sante mantal	Monoleng/bileng	Endividyèl ak tout dimansyon gwoup	\$54	30 minit
Counseling- Travayè sosyal klinik ki gen lisans	Monoleng/bileng	Endividyèl ak tout dimansyon gwoup	\$48	30 minit
Ed nan sante (Transpò, Para, Para pou katastwòf, etc.)	Monoleng	Endividyèl ak tout dimansyon gwoup	\$24	60 minit
Sèvis edikasyon pou elèv ki gen pwoblèm pou tande	Monoleng/bileng	Endividyèl ak tout regwoupman	\$54	30 minit
Terapi pou rekiperasyon (OT)	Monoleng	Endividyèl ak tout regwoupman	\$54	30 minit
Transliteratè aloral	Monoleng		\$24	60 minit
Espesyalis oryantasyon/mobilite	Monoleng/bileng	Endividyèl ak tout regwoupman	\$54	30 minit
Terapi fizik	Monoleng	Endividyèl ak tout regwoupman	\$54	30 minit
Enfimyè lisansye	Monoleng	Endividyèl ak tout regwoupman	\$54	30 minit
Entèprèt lang siy ak jès	Monoleng/bileng	Endividyèl ak tout regwoupman	\$36	30 minit
Terapi pwononsyasyon-Langaj	Monoleng	Endividyèl	\$54	30 minit
Terapi pwononsyasyon/langaj	Monoleng	li sèvi nan gwoup 2 moun	\$67,50	30 minit
Terapi pwononsyasyon/langaj	Monoleng	li sèvi nan gwoup 3 moun	\$81	30 minit
Terapi pwononsyasyon/langaj	Monoleng	li sèvi nan gwoup 4 moun	\$94,50	30 minit
Terapi pwononsyasyon/langaj	Monoleng	li sèvi nan gwoup 5 moun oswa plis	\$108	30 minit
Terapi pwononsyasyon/langaj	Bileng	Endividyèl	\$64,80	30 minit
Terapi pwononsyasyon/langaj	Bileng	li sèvi nan gwoup 2 moun	\$81,00	30 minit
Terapi pwononsyasyon-Langaj	Bileng	li sèvi nan gwoup 3 moun	\$97,20	30 minit
Terapi pwononsyasyon-Langaj	Bileng	li sèvi nan gwoup 4 moun	\$113,40	30 minit
Terapi pwononsyasyon-Langaj	Bileng	li sèvi nan gwoup 5 moun oswa plis	\$129,60	30 minit
Sèvis edikasyon pou elèv ki gen pwoblèm pou wè	Monoleng/bileng	Endividyèl ak tout regwoupman	\$54	30 minit
SETSS **	Monoleng	Endividyèl	\$85,91	60 minit
SETSS **	Monoleng	li sèvi nan gwoup 2 moun	\$100,22	60 minit
SETSS **	Monoleng	li sèvi nan gwoup 3 moun oswa 4	\$114,54	60 minit
SETSS **	Monoleng	li sèvi nan gwoup 5-8 moun	143,18	60 minit

*** Pou sèvis yo bay nan dat 1ye septanm 2025 oswa apre**

**** Yo te ogmante to SETSS yo an 2024.**

Pri founisè endepandan yo chaje pa dwe pi wo pase pri ki pi ba yo chaje nòmalman epi yo ta dwe kalkile l dapre kantite tan yo bay la reyèlman (pro-rated), lè sa nesesè.

Founisè a pa ka chaje plis pase pri maksimòm yo otorize kòm peman konplè pou sèvis sa yo. Founisè a pa pral mande paran/responsab peye pou sèvis li bay yo.

Kisa mwen oblije fè dèke mwen fin chwazi yon founisè?

Ni oumenm ni founisè ou chwazi a dwe ranpli **Fòm RSA-2** a, apres sa siyen fòm lan epi atache avèk li kopi lisans ak/oswa sètifika founisè a. Si founisè endividyèl la ap travay pou yon ajans, founisè a dwe mete enfòmasyon ajans lan nan kazyè ki make: **Non ajans lan (si li apwopriye), Tax ID No. anplwaye a (si se ajans) ak adrès ajans lan.** Si founisè endividyèl la p ap travay pou yon ajans men li gen **pwòp nimewo tax ID pa li**, founisè a dwe ranpli tou kazyè sa yo. Ou ta dwe kenbe tou yon kopi lisans ak/oswa sètifika founisè endepandan an. Tanpri konnen se sèlman founisè endepandan ki sou fòm **RSA-2 a ki ka bay pitit ou a sèvis**. Si se kote founisè a fè biznis li y ap wè pitit ou a ou dwe asire se sèlman founisè endepandan ou te otorize a k ap bay pitit ou a sèvis. Ou dwe voye **Fòm RSA-2** ki ranpli a nan biwo yo mete sou fòm RSA-2 a.

Aprè mwen fin voye Fòm RSA-2 a, kilè founisè a ka kòmanse?

Depi yo fin resevwa fòm RSA-2 a, y ap revize tout enfòmasyon yo. Si fòm lan konplè epi founisè a resevwa otorizasyon sou sekirite epi li voye lisans ak enskripsyon ak/oswa sètifika ki apwopriye, w ap resevwa yon lèt ki apwouve sèvis la ki gen yon nimewo otorizasyon pou sèvis sa a. Si nou pa voye lèt avètisman sa a, founisè yo pa otorize pou kòmanse sèvis ni yo pa p ranbouse w sof si ak jiskaske yo te ba yo yon RSA ki otorize epi yo konfime ke NYCPS ba yo lesepase. Se sèlman founisè endepandan ki sou **Fòm RSA-2 a** ki otorize pou bay sèvis yo. Si gen chanjman pou founisè endepandan an, yo dwe voye yon nouvo **Fòm RSA-2 a**. Founisè endepandan ou chwazi a dwe prezante pou fè anprent, ke founisè a ap peye pou sa, nan Office of Related and Contractual Services, nan 4951 Chambers Street, Room 600, New York, NY 10007. Founisè endepandan yo pa pral otorize pou kòmanse sèvis pazavan yo resevwa otorizasyon sou sekirite.

Ki kote yo ka bay Related Service la?

Yo ka bay *Related Services* nan lekòl timoun lan, lakay ou oswa kote founisè a fè biznis li.

Èske yo ka ranbouse m pou depans transpò si m mennen pitit mwen an kote founisè a fè biznis lan?

Wi. Yo dwe fè tout demand pou ranbousman transpò nan **Kupon ranbousman pou fòm transpò RSA-3 oswa RSA-3A a** nou voye ba w la. Founisè endepandan an dwe ba w yon kopi fòm **RSA-2** ki apwouve a ak fakti pou sèvis oswa yon deklarasyon ki di dat sèvis la, ke yo dwe voye ak fòm **RSA-3 oswa RSA-3A a** ansanm ak resi obligatwa founisè transpò a bay. Nan tout ka, yo p ap finalize okenn peman san siyati orijinal ki otorize sou tout fòm ki obligatwa yo. Ou dwe siyen fòm **RSA-3** oswa **RSA-3A ki di vrè** dat yo te mennen pitit ou a. **Nan okenn sikonstans, ou pa ta dwe siyen fòm RSA-3 oswa RSA-3A ki pa ranpli pou sèvis transpò oswa siyen pou sèvis transpò yo poko bay.**

Kòman y ap peye founisè a?

Founisè a ap resevwa yon RSA ki otorize ak enstriksyon pou peman. **Ou pa gen pou peye okenn lajan ki soti nan pòch ou.** Founisè a pa ka chaje plis pase pri maksimòm yo otorize kòm peman konplè pou sèvis sa yo. Founisè a pa ka mande mande paran/responsab peye pou sèvis yo bay. Si yo bay sèvis la lakay ou oswa nan biwo founisè a, ou dwe siyen fakti founisè a pou konfime vrè dat ak lè pitit ou a te resevwa sèvis yo. **Ou pa dwe siyen fakti ki pa ranpli ni siyen pou sesyon ki poko fèt.**

Èske founisè a oblije ekri IEP oswa rapò pwogrè elèv la?

Yo pral egzijè founisè a kenbe dosye prezans chak jou sou fòm Depatman an bay pou rezon sa a, kenbe mesaj sou pwogrè chak semèn pou sèvis yo bay epi ranpli yon rapò pwogrè elèv pou *Related Service* lè estaf lekòl oswa Komite sou edikasyon espesyal (Committee on Special Education, CSE) la mande sa. Anplis, si yo mande yon Evalyasyon anyèl ak/oswa si gen yon demand evalyasyon, founisè a dwe disponib pou patisipe nan konferans IEP a ak pou ranpli paj apwopriye IEP yo san yo pa peye l anyen anplis. Yo dwe voye rapò pwogrè yo chak ane.

E si estaf Depatman Edikasyon Vil Nouyòk ka bay Related Service la?

Si estaf NYCDOE ka bay sèvis sa avan pitit ou a kòmanse resevwa l nan men founisè endepandan an, Depatman an pral bay sèvis la. Sepandan, si pitit ou a kòmanse resevwa sèvis sa a nan men yon founisè endepandan, ou pral gen opsyon pou kontinye sèvis sa a avèk founisè endepandan an nan fen ane lekòl la.

Kiyès mwen ka rele pou mande èd?

Si w bezwen èd pou konprann fòm sa yo oswa pou jwenn yon founisè endepandan, tanpri kontakte kowòdonatè paran lekòl ou a. Si w pa nan yon lekòl leta, tanpri kontakte CSE ki te bay lèt otorizasyon pou *related service* la.